

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun *Kasalahan Léksikal dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Lémbang Kabupatén Bandung Barat Taun Ajaran 2007/2008*. Ari déskripsina ngawengku gejala hiperkorék, jeung gejala pléonasme. Hasil tina panalungtikan téh bisa diringkeskeun kieu.

Kasalahan léksikal nya éta kasalahan maké kecap anu teu atawa kurang tepat. Hasil analisis data, kapanggih aya 120 kasalahan léksikal anu frekuensina 153 kali. Gejala hiperkorek aya 46 (3,83%) kasalahan léksikal anu frekuensina 73 kali, sedengkeun gejala pléonasme aya 74 (6,16%) kasalahan léksikal anu frekuensina 80 kali.

Kasalahan léksikal gejala hiperkorék aya 2 pola, nya éta Pola I : GH = /Ft/ → /Fr/ kapanggih aya 5 (0,41%) kasalahan léksikal anu ngawengku pola 1a. /s/ → /sy/ lobana 3 (0,25%) kasalahan léksikal, pola 1b. /h/ → /kh/ lobana 2 (0,16%) kasalahan, jeung Pola II : GH = /Ft/ → /Ft/ kapanggih aya 41 (3,41%) kasalahan léksikal anu ngawengku pola 2a. /f/ → /p/ lobana 3 (0,25%) kasalahan léksikal, pola 2b. /eu/ → /é/ lobana 2 (0,16%) kasalahan léksikal, 2c. /eu/ → /e/ lobana 36 (3%) kasalahan léksikal.

Kasalahan léksikal gejala pléonasme aya 2 pola, nya éta Pola I : GP: F = M kapanggih aya 29 (2,41%) kasalahan léksikal, sedengkeun Pola II : GP: M = M kapanggih aya 41 (3,41%) kasalahan léksikal.

Cindekna, dina karangan deskripsi siswa SMP Negeri 1 Lembang Kabupaten Bandung Barat Taun Ajaran 2007/2008 masih aya keneh kasalahan léksikal, utamana nu kaasup kana kasalahan gejala hiperkorek jeung gejala pleonasme, GH > GP.

## 5.2. Saran

Dumasar kana hasil analisis data anu geus dilaksanakeun aya saran nu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

1. Ieu panalungtikan téh ngan ukur nganalisis kasalahan léksikal tina wacana tinulis wungkul. Data nu leuwih lengkep tangtu kudu aya sumberna wacana lisan. Ku kituna, panalungtikan kasalahan léksikal téh masih bisa dituluykeun, pangpangna anu make sumber data basa Sunda lisan jeung tulisan. Ku cara kitu, kaédah kasalahan léksikal anu bisa dipolakeun bakal leuwih lengkep.
2. Pikeun lajuning laku analisis kasalahan léksikal saterusna, dipiharep aya deui anu nalungtik kasalahan léksikal. Lain dina karangan siswa waé, tapi dina widang karya sastra.

